



Pou Piblikasyon Imedya: 29/10/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**OGMANTE EKONOMI OU: GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE PLIS PASE 191 MILYON DOLA NAN EKONOMI POTANSYÈL POU ANPLWAYÈ NOUYÒK AKOZ POUSANTAJ EVALYASYON DEDOMAJMAN AKSIDAN NAN TRAVAY DIMINYE**

***Pousantaj dedomajman aksidan nan travay yo pral diminye 22 pousan an 2025, sa ki lakòz ekonomi pou plis pase 400,000 ti biznis atravè eta a***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke anplwayè Eta Nouyòk yo prevwa ekonomize plis pase 191 milyon dola an 2025 akòz yon diminyasyon nan pousantaj evalyasyon dedomajman aksidan nan travay pa ane a — pousantaj la te kalkile jodi a epi ap antre anvigè 1ye janvyè 2025. Pousantaj dedomajman travayè yo pral 7.1 pousan prim estanda oswa ekivalan prim lan — yon diminyasyon 22 pousan apati 2024 — sa ki prevwa pou ekonomize biznis Eta Nouyòk pou anviwon 191 milyon dola.

"Abòdab enpòtan anpil pou tou de biznis ak anplwayè yo pwospere," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Ogmantasyon fòmidad sa a nan ekonomi pou anplwayè Eta Nouyòk yo non sèlman ajoute opòtinite travay, men tou, ranfòse sèvis ki nesèsè yo ak kominote biznis yo bay yo. Nou devwe pou sipòte biznis Eta nou an ak anplwaye yo, epi asire yo resevwa benefis yo konte sou yo pou pran swen tèt yo ak fanmi yo."

**Prezidan Komisyon Dedomajman Aksidan nan Travay Eta Nouyòk la, Clarissa Rodriguez, te deklare,** "Konsèy la onore pou rejwenn Gouvènè a jodi a nan selebre ekonomi enkwayab sa yo pou biznis Nouyòk yo. Evalyasyon sou anplwayè yo kontinye ap bese, alòske benefis travayè yo te ogmante nan dènye ane yo. Nou fyè de travay n ap fè pou konstwi yon pi bon sistèm dedomajman aksidan nan travay pou Nouyòkè k ap travay di yo ak biznis n ap sèvi yo."

Anplwayè yo peye pou yon kotizasyon chak ane pou fè fonksyone sistèm dedomajman aksidan nan travay, ki bay benefis ki enpòtan pou travayè ki blese oswa ki vin malad akòz responsabilite pwofesyonèl, pandan y ap pwoteje mèt travay yo kont pouswit legal ki koute anpil. Apati de inisyativ Gouvènè Hochul pou fè Eta Nouyòk vin pi abòdab, ekonomi yo prevwa yo pral diminye depans evalyasyon aktyèl yo pou anplwayè yo.

Antanke Prezidan Komisyon Dedomajman Aksidan nan Travay pou Travayè Eta Nouyòk yo, Prezidan Rodriguez etabli yon to evalyasyon pou tout anplwayè yo anvan 1ye novanm chak ane, pou antre an vigè 1ye janvyè ane sivil ki vin apre a. Pousantaj

evalyasyon anplwayè yo detèmine an fonksyon bezwen Konsèy Dedomajman Aksidan nan Travay la ak prim bidjè ki nan tout eta a. Yo kalkile pousantaj la lè yo divize depans pa ane total yo estime pou Konsèy la pa yon baz prim total yo estime pou tout eta a. Asirans yo oblije aplike pousantaj evalyasyon an nan prim oswa ekivalan prim yo.

Pousantaj evalyasyon an te regilyèman diminye nan dènye ane yo, sitou akòz jesyon pridan nan akselere ekoulman responsab dedomajman aksidan nan travay — ke yo rekonèt kòm fon espesyal — ke evalyasyon yo finanse. Pousantaj 7.1 pou 2025 la reprezante yon diminyasyon plis pase 43 pousan depi 2019, lè pousantaj evalyasyon an te 12.6 pousan. Tablo ki anba a endike kijan pousantaj la te chanje soti nan 2019 a 2025.

Ane	Pousantaj
2019	12.6
2020	12.2
2021	11.2
2022	10.2
2023	9.8
2024	9.2
<b>2025</b>	<b>7.1</b>

Plis enfòmasyon sou pousantaj evalyasyon 2025 la ak lòt enfòmasyon pou anplwayè yo ki gen rapò ak dedomajman pou aksidan travay, vizite sitwèb Konsèy Dedomajman pou Aksidan Travayè Eta Nouyòk la nan [wcb.ny.gov](http://wcb.ny.gov).

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418  
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](http://ny.gov/signup) | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)